

## VIL BOSTON: FON SEKOU POU LWAYE



### FON ÈD POU LOKASYON

Fon an sipòte rezidan Boston yo ki gen risk pou yo pèdi lojman y ap lwe a poutèt COVID-19 la.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan elijibilite ak fason pou aplike, al gade nan [boston.gov/rental-relief](https://boston.gov/rental-relief)

Majistra Walsh te etabli Fon Sekou pou Lwaye (Rental Relief Fund) a pou ede abitan Boston yo ki gen risk pou yo pèdi lojman y ap lwe a poutèt pandemi COVID-19 la. Fon sa a se Biwo Estabilite Lojman (Office of Housing Stability, OHS) k ap administre epi jere li an kolaborasyon ak ajans lojman ki pa pou fè pwofi, e relouvri pou nouvo aplikasyon yo nan dat 19 oktòb 2020.

### Kisa Fon Sekou pou Lwaye fè?

Fon Sekou pou Lwaye ede rezidan Vil Boston yo ki konfwonte ak difikilte pou peye lwaye yo akòz pandemi COVID-19 la. Li peye jiska \$4,000 nan asistans lwaye pou lwaye ki dwe oswa ou pral dwe pi devan.

Youn nan twa (3) ajans patnè fon an voye peman lwaye yo dirèkteman bay pwopiyetè lojman yo. Tanpri itilize aplikasyon sa a pou aplike. Si ou gen difikilte pou ranpli fòm la sou Entènèt, tanpri kontakte Biwo Estabilite Lojman an pou ranpli l nan telefòn.

### Kimoun ki eljib pou resevwa asistans pou lwaye?

Aplikan yo:

- Yo dwe rezide nan Vil Boston epi yo dwe te lwe yon inite lojman nan dat oswa avan 1ye Mas 2020,
- Yo dwe te enpakte poutèt COVID-19 la,
- Yo gen risk pou yo degèpi l
- Li pa kapab ap resevwa yon kupon mobil oswa ki baze sou pwojè
- Li pa kapab yon elèv atanplen, epi
- Li dwe gen yon revni verifye pou tout moun nan kay li ki egal oswa mwens ke 80% nan Revni Mwayen Zòn la (Area Median Income, AMI).

## KESYON YO POZE SOUVAN

### **Pou kimoun pwogram sa a ye?**

Fon Sekou pou Lwaye Vil Boston lan kreye pou lokatè ki gen revni ki kalifye nan Boston pandemi COVID-19 a te enpakte ekonomikman epi ki bezwen èd pou peye lwaye yo. Rezidan yo ki kalifye pral touche mwens pase 80% nan [Revni Mwayen Zòn lan \(Area Median Income, AMI\)](#) chak ane, sa ki anviwon \$73,000 pou yon kay ki gen 2 moun ladann.

### **Kisa sa siyifi pandemi COVID-19 te enpakte ekonomikman?**

Pandemi COVID-19 la enpakte ekonomikman siyifi, pa egzanp:

- Ou pèdi revni w poutèt yo fèmen biznis anplwayè w
- W ap travay mwens ètan poutèt anplwayè a te ba w mwens tan travay
- Ou pèdi gadri timoun epi/oswa lekòl yo fèmen poutèt COVID-19
- Ou pèdi travay ou poutèt risk COVID-19 la vin ogmante
- Ou pèdi travay ou poutèt w ap okipe yon moun nan fanmi w ki malad oubyen ki plase an karantèn poutèt COVID-19

### **Kijan pwogram sa a finanse?**

Vil Boston an ak Depatman Devlopman Katye (Department of Neighborhood Development) ap itilize fon federal pou Fon Sekou pou Lwaye a.

### **Kijan rezidan yo kapab itilize lajan sa a?**

Fwaye kay ki elijib kapab resevwa jiska \$4,000 pou pwoteje lokasyon yo oubyen pou jwenn aksè nan nouvo lojman pèmanan nan Vil Boston; pou fè sa, yo kapab peye omwen yon pati nan lwaye premye ak dènye mwa yo ansanm ak depo sekirite a.

### **Kijan yo distribye bourad lajan an?**

Poutèt egzijans federal yo, peman yo ki fèt atravè Fon Sekou pou Lwaye a pral peye dirèkteman bay pwopriyetè lojman ou an pou kont lokatè a. Toulede pati yo pral resevwa yon notifikasyon kou peman an fin fèt.

### **Si mwen aplike pou asistans, èske mwen garanti m ap resevwa li?**

Non. Nou panse ke n ap resevwa anpil aplikasyon pou Fon Sekou pou Lwaye a. Malerèzman, se pa tout aplikan yo ki pral resevwa asistans. Nou gen yon kantite lajan ki limite pou finanse asistans lan nan moman kounye an epi nou pral fè peman yo jiskaske lajan an fini.

### **Kijan èske w a deside kimoun ki resevwa asistans?**

Nou pral fè yon revizyon preliminè sou aplikasyon yo aprè nou resevwa yo. Aprè premye verifikasyon sa a pou tcheke kalifikasyon epi pou kontwole si dokiman yo konplè, n ap fèyon verifikasyon final sou aplikasyon yo avèk youn nan twa (3) ajans patnè fon an. Pandan pwosesis verifikasyon final la, estaf la ki nan ajans patnè nou yo pral verifye elijibilite AMI, fè kalkil bezwen yo epi mande dokiman ki obligatwa yo nan men pwopriyetè/manadjè pwopriyete aplikan an.

**Ki dokiman m ap dwe prezante?**

- Kopi kontra lokasyon an oswa antant lokasyon an (Gen egzantp antant pou lokasyon ki disponib [isit](#))
- Dokiman foto pou chèf kay la
- Dokiman avantaj chomaj ou resevwa yo (si sa aplikab)

**Mwen abite nan lojman leta oubyen mwen resevwa yon Koupon Chwa Lojman (Housing Choice Voucher, Seksyon 8). Èske mwen kalifye?**

Non, benefisyè pwogram Koupon Chwa Lojman yo pa kalifye. Tanpri kontakte Otorite Lojman Boston (Boston Housing Authority) pou fè yon re-sètifikasyon si ou te pèdi revni poutèt COVID-19 la.

**Mwen rete nan yon inite lojman bon mache LITHC esponsorize lwaye a. Èske mwen elijib?**

Wi, aplikan yo ki abite nan lojman bon mache ki deziyen kalifye a kondisyon yo pa resevwa okenn sibvansyon leta bay, tankou Koupon Chwa Lojman (Housing Choice Voucher).

**Omwen yon moun nan fanmi mwen pa gen papye imigrasyon. Èske mwen elijib?**

Wi, ou elijib. Sityasyon ak imigrasyon pa gen okenn enpak sou si yon moun kalifye ou pa.

**E konsènan rezidan ki pa ranpli kritè yo pou aplike nan Fon Sekou pou Lwaye a?**

Nou konnen nou pa kapab ede chak rezidan nan Vil Boston COVID-19 te enpakte. Estaf la nan Biwo Estabilite Lojman an (Office of Housing Stability) pare pou ede rezidan yo jwenn lòt resous oswa sipò nan men gouvèman Eta a ak gouvèman federal la, oubyen òganizasyon lokal oubyen nasyonal ki pa pou fè pwofi. Tanpri rele Biwo Estabilite Lojman an nan 617-635-4200 oubyen vouye yon imèl nan [housingstability@boston.gov](mailto:housingstability@boston.gov).

**E si mwen resevwa yon notifikasyon ke mwen pa kalifye, men mwen panse mwen kalifye kanmenm?**

Imèl notifikasyon ou an pral gen ladann yon prezantasyon rapid tout dokiman ou kapab bay pou yo verifiye si w kalifye. Tanpri soumèt dokiman verifikasyon sa yo bay Biwo Estabilite Lojman an (imèl: [RRF@boston.gov](mailto:RRF@boston.gov)) nan 5 jou apre ou resevwa notifikasyon pou di w ke ou kalifye a.

**Ki pwoteksyon jiridik ki anplas pou lokatè yo evènman ki gen pou wè ak COVID-19 te enpakte?**

Menmsi pa gen okenn lwa pou nounye a ki pèmèt moun sispann peye lwaye yo, nan dat 20 avril Gouvènè Baker te siyen “Yon Lwa ki Kreye yon Moratwa sou Degèpisman ak Pwosedè pou Sezi Kay pandan Ijans COVID-19 la.” Lwa sa a te plase yon moratwa sou demaraj pwosedè degèpisman oswa finisman pwosedè degèpisman ki pa esansyèl epi peryòd gras la te pwolonje jiska 17 oktòb 2020. Tanpri konnen ke ou oblije notifiye pwopriyetè w alekri si ou pa kapab peye lwaye w poutèt ou pa gen revni akòz COVID-19 la.

Anplidès, CDC an te pwononse yon moratwa federal kont degèpisman yo ou gendwa kalifye pou li. W ap jwenn plis enfòmasyon ak fòm deklarasyon ki nesèsè a ki envoke òdonans lan [isit](#).

Si ou te resevwa yon avi legal nan men pwopriyete lojman ou an pou degèpi w nan inite lojman w ap lwe a, tanpri al gade [wèbsayt](#) sa a pou w kapab jwenn plis enfòmasyon sou fason pou reponn san pèdi tan.

Epitou n ap travay ak patnè ki pa pou fè pwofi ak defansè nou yo, ki gen ladann Greater Boston Legal Services, pou kreye yon plan pou sipòte fwaye kay kou Eta Dijans lan leve. N ap kontinye fè pledwaye opre Pouvwa Lejislatif la pou sipòte pwojè-lwa Dwa pou Gen yon Avoka nan Zafè Degèpisman ak yon Lwa pou Pwoteje Lokatè ki Granmoun ki ann atant nan Beacon Hill. OHS angaje li pou asire ke lokatè nan Vil Boston jwenn aksè nan tout resous jiridik ki disponib yo epi ankouraje lokatè yo kontakte biwo nou an nan 617-635-4200 oswa voye yon imèl nan [housingstability@boston.gov](mailto:housingstability@boston.gov) si ou gen nenpòt kesyon.

### **Mwen pèdi djòb mwen akòz COVID-19 la, kijan mwen ka aplike pou resevwa benefis chomaj yo?**

Si ou poko aplike pou asistans chomaj, tanpri al gade nan wèbsayt [Mass.Gov](#) la pou jwenn Enfòmasyon Enpòtan osijè Anplwa pou w aplike. Fason ki pi rapid la se [ou aplike sou Entènèt, men si w bezwen asistans, epitou ou kapab ranpli fòm kontak la [isit](#) oubyen rele nan 617-626-6800 oubyen nan 877-626-6800 (gen asistans nan lang Panyòl ak Pòtigè ki disponib). Epitou gen yon [gid etap-pa-etap](#) ki esplike kijan pou aplike. Nan [Tiliv Kesyon Moun k ap Chèche yon Djòb Poze Souvan](#), ou kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan ekspansyon benefis chomaj yo atravè Lwa CARES la pou moun ki travay pou kont yo, ansanm ak kontraktyè endepandan yo, travayè “gig” sou demann (pa egzanp chofè Uber ko-vwatiraj yo) ak lòt toujou kapab jwenn pwoteksyon.

### **Èske asistans ak lwaye nan men Fon Sekou pou Lwaye a konsidere kòm yon benefis pou tès chaj piblik la?**

Non, Fon Sekou pou Lwaye a pa konsidere nan tès federal “chaj piblik” la. Asistans nan men Fon Sekou pou Lwaye a se pa youn nan benefis “kach” oubyen “non-kach” ki liste nan règ chaj piblik la.

Biwo Majistra a pou Pwomosyon Imigran (Mayor’s Office for Immigrant Advancement) yo gen yon gid resous kèlkeswa sitiwayon imigrasyon ou nan [boston.gov/immigrants](http://boston.gov/immigrants). Nou ankouraje tou rezidan yo ki gen preyokipasyon konsènan tès chaj piblik la pou yo kontakte ak Greater Boston Legal Services nan 617-371-1234 epi ak MA Law Reform Institute nan 617-357-0700.